


# Fòmasyon Pwofesyonèl ak Teknik: Amelyore Eksperyans Edikatif nan Premye Sik Segondè, Lekòl Segondè ak Edikasyon Apre Segondè



## 1. Kisa ki fòmasyon pwofesyonèl ak teknik?

Fòmasyon Pwofesyonèl ak Teknik (Career and Technical Education, CTE) ede elèv yo devlope konesans ak konpetans yo bezwen pou prepare pou kolèj ak karyè. CTE mete anfaz sou konpetans monn reyèl la ak konesans pratik nan karyè yon elèv enterese. CTE se yon fason rantab pou elèv yo kòmanse yon karyè nan youn oswa de ane lekòl. Depatman Edikasyon Florid (Florida Department of Education, FDOE) gen yon seri diplòm CTE ak pwogram sètifikasi nan 17 Gwoup Karyè annapre yo. Gad tablo ki anba a pou Gwoup Karyè yo ak de egzanp pwogram pou chak gwoup.

Gwoup Karyè	Egzanp Pwogram
Agrikilti, Manje ak Resous Natirèl	Agwoteknoloji ak Asistans Veterinè
Achitekti ak Konstriksyon	Konstriksyon Bilding/Metye ak Apranti Elektrisyen
Atizay, Teknoloji Odyo-Vizyèl ak Kominikasyon	Konsepsyon Dijital ak Teknoloji Videyo Dijital
Jesyon ak Administrasyon Biznis	Espeyalis Biwo Administratif ak Espesyalis Administratif Medikal
Edikasyon ak Fòmasyon	Edikasyon pou Timoun Piti ak Apranti Edikasyon pou Timoun Piti
Enèji	Teknisen Enèji ak Apranti Sèvis Liy Elektrik ak Reparasyon
Fòmasyon nan Enjeniri ak Edikasyon	Vwa Enèjetik ak Teknoloji Kominikasyon
Finans	Finans epi Finans Pèsonèl ak Fanmi
Gouvènman ak Administrasyon Piblik	Planifikasyon ak Repons Dijans ak Prensip Sèvis Piblik
Syans Sante	Asistans Sante Konèks ak Swen Enfimye Pratik
Ospitalite ak Touris	Atizay Gastwonomik ak Manje Komèsyal epi Atizay Gastwonomik
Sèvis pou Moun	Kosmetoloji ak Kwafi
Teknoloji Enfòmasyon	Devlopman Wèb ak Sistèm Enfòmatik epi Teknoloji Enfòmasyon
Dwa, Sekirite Piblik ak Sekirite	Operasyon Jistis Kriminèl ak Akademi Ranfòsman Lalwa nan Florid
Fabrikasyon	Baz sou Teknoloji Soudi epi Soudi
Maketing, Vant ak Sèvis	Maketing, Prensip Jesyon ak Antreprenarya epi Espò, Lwazi ak Divètisman
Transpò, Distribisyon ak Lojistik	Lojistik Global ak Teknoloji Chèn Apwovizyonman ak Teknoloji Sèvis Otomobil



## Fòmasyon Pwofesyonèl ak Teknik pral ede elèv yo fè sa yo:

- Eksploré enterè nan karyè pandan premye sik segondè ak lekòl segondè
- Devlope konpetans nan travay
- Konplete kous yo pou satisfè kondisyon gradyasyon nan lekòl segondè
- Devlope konpetans lidèchip
- Genyen sètifikasi, sètifikasyon endistri a, diplòm teknoloji aplike (ATD) ak/oswa diplòm de ane nan yon bann pwogram ki bay yon salè pou pèmèt viv
- Prepare pou edikasyon adisyonèl apre segondè
- Kòmanse yon karyè nan youn oswa de ane nan yon fason ki abòdab.

Pou plis enfòmasyon sou metye ki enpòtan pou devlopman ekonomik Florid, refere ak [Gwoup Karyè FDOE ak Estrikti Kourikoulòm](#)



## 2. Ki avantaj pran kou CTE yo bay pou elèv premye sik segondè ak lekòl segondè ki gen andikap yo?

Planifikasyon tranzisyon pou segondè rekonèt anpil kòm yon aktivite esansyèl nan lekòl segondè epi li egalman enpòtan nan nivo lekòl segondè. Elèv lekòl segondè yo bezwen sèvis tranzisyon ki ranfose nan domèn sa yo:

Patisipasyon elèv la nan pwosesis plan edikasyon pèsonalize (IEP)

- Konpetans nan oto-konsyans ak oto-defans.
- Planifikasyon tranzisyon ki idantifye kou etid atravè fòs, enterè ak preferans elèv la (Weidenthal & Kochhar-Bryant, 2007)

Sèvis tranzisyon yo prepare elèv yo pou pouswiv edikasyon apre segondè ak karyè epi yo konnen li kòm Preparasyon Kolèj ak Karyè (College and Career Readiness, CCR). Dènye rechèch yo sijere ke CCR nan nivo premye sik segondè ta dwe gen ladan:

- Eksplorasyon Karyè
- Opsyon Apre Segondè ak Aspirasyon
- Etablisman Objektif ak Planifikasyon (Grigal, Cooney, & Hart, 2019)

Rechèch yo montre ke elèv segondè ki gen andikap yo ki patisipe nan CTE, espesyalman sila yo ki konsantre kou yo nan yon pwogram etid, gen plis chans pase elèv yo ki gen andikap ki pa te patisipe nan CTE pou fè sa annapre yo:

- **Gradye nan lekòl segondè** - Patisipasyon nan CTE ogmante angajman elèv, redui posibilité pou abandone epi ogmante pouvantaj gradyasyon. Koneksyon ant kou CTE, enterè elèv ak rezolisyon pwoblèm nan monn reyèl la ogmante angajman elèv akòz li afekte FASON elèv yo aprann ansam ak KISA elèv la aprann.
- **Ale nan kolèj** - CTE ogmante posibilité pou enskri nan kolèj. Atravè eksperians nan CTE, elèv CTE yo kapab imajine direksyon nan karyè ak aksè nan aprantisaj siperyè pou atenn objektif yo.
- **Lite pou travay ki gen salè konpetitif** - Rechèch CTE montre ke elèv yo ki gen diplòm teknik oswa syans aplike touche salè ki konpetitif avèk detanté diplòm lisans yo (Dougherty, 2016).

Dougherty (2016) te eksplike CTE ofri elèv yo anpil avantaj san enkonvenyan. Li te rezime, "CTE Lekòl Segondè amelyore rezulta pou elèv k ap chèche kòmanse karyè yo rapid men pa reprezante yon obstak pou sila yo ki vle fòmasyon akademik adisyonèl. Mete CTE bon kalite, ki adapte ak mache travay la disponib pou tout elèv yo epi ankouraje (ak pèmèt) yo patisipe" (p. 30). Pou jwenn plis enfòmasyon, ale nan [Fòmasyon Pwofesyonèl ak Teknik nan Lekòl Segondè: Èske li Amelyore Rezulta Elèv la?](#)

## CTE: Yon Chemen pou Gradyasyon!

Kou CTE yo kapab founi yon chemen pou gradyasyon.

Apati ane lekòl 2019-2020 la, tout elèv yo ka genyen yon diplòm lekòl segondè estanda atravè opsyon pakou Fòmasyon Pwofesyonèl ak Teknik (CTE) la.

Elèv yo ki itilize opsyon sa a dwe satisfè tout egzijans yo pou yon diplòm estanda 24 kredi, avèk diferans sa yo:

(1) kondisyon opsyonèl yo redui pou kat kredi, (2) edikasyon fizik, kou sou entènèt la ak kou atizay yo pa obligatwa, (3) de kredi opsyonèl nan kou CTE yo ki dekoule sou achèvman yon pwogram epi yon sètifikasyon nan endistri a obligatwa ak (4) de kredi opsyonèl nan yon pwogram aprantisaj nan travay obligatwa (jiska de kredi opsyonèl, ki gen ladan enfòmasyon finansye yo ka ranplase pou akonpli kondisyon sa a).

Gen de opsyon gradyasyon ki disponib tou sèlman pou elèv ki gen andikap ki otorize pou ranplasman kou CTE yo pou

- Angle 4
  - Yon kredi matematik
  - Yon kredi syans ak
  - Yon kredi syans sosyal
- (Pa enkli Aljèb 1, Jeyometri, Biyoloji 1 ak Istwa Etazini.)



### 3. Kisa kou ranplasman CTE yo ye epi ki avantaj yo bay pou elèv lekòl segondè yo?

Ranplase yon kou CTE pou yon kondisyon gradyasyon kapab benefisyé elèv yo nan fason sa yo:

- Ede elèv yo metrize objektif kou a nan yon fason ki pi fasil pou konprann.
- Bay elèv yo avantaj pou eksploré yon direksyon nan karyè ak akeri konpetans pou travay.
- Ogmante konfyans ak angajman elèv la.

Avantaj sa yo ogmante angajman elèv la epi redui ka abandon lekòl yo ki sipòte elèv yo pandan y ap pouswiv yon diplòm lekòl segondè.

Gade [Ranplasman Kou BEESS CTE yo](#) pou plis enfòmasyon.



### 4. Èske aranjman ak modifikasyon yo disponib pou kou CTE yo nan nivo premyesik segondè ak lekòl segondè yo?

Tou de aranjman ak modifikasyon yo disponib pou kou CTE yo nan nivo premye sik segondè ak lekòl segondè yo. Ekip IEP elèv la rekòmande aranjman ak modifikasyon yo dapre bezwen endividyèl chak elèv. Men yon fason senp pou panse sou diferans ant aranjman ak modifikasyon yo. Aranjman yo chanje fason elèv la resevwa ansèyman oswa teste.

Modifikasyon yo chanje sa elèv la ta dwe aprann. Enfòmasyon sou aranjman yo disponib nan [Aranjman: Ede Elèv ki gen Andikap yo](#).

Nou kapab mande aranjman nan nivo apre segondè lè yon elèv divilge yon andikap epi bay dokiman ki verifiye prezans yon andikap. *Aranjman yo nan kourikoulòm nan pa disponib nan nivo apre segondè.*

### Enfòmasyon sou Edikasyon Divèsifye ak Sèvis Sipò pou Ansèyman

[Pajwèb FDOE CTE](#) a gen plis enfòmasyon nan sa yo:

- **Edikasyon Divèsifye:** Anba lis gwoup karyè a, n ap jwenn lyen pou [Akèy Edikasyon Divèsifye](#).  
Pwogram sa a bay kou nan eksplorasyon ak planifikasyon karyè pou elèv premye sik segondè ak kou yo nan itilizasyon konpetans ak eksperyans travay pou elèv lekòl segondè yo.
- **Sèvis Sipò pou Ansèyman:** Anba lis gwoup karyè a, n ap jwenn lyen pou [Sèvis Sipò pou Ansèyman](#).  
Pwogram sa a bay sèvis ak ansèyman pou elèv ki gen andikap yo ki reprezante popilasyon espesyal yo.

## Twa Mit Komen sou CTE

1. **Mit:** CTE se sèlman pou elèv ki pa ale nan kolèj 4 ane. **Reyalite:** CTE kapab tou se yon chemen pou edikasyon siperyè apre segondè.

2. **Mit:** CTE ap fòme pou sèlman yon travay. **Reyalite:** CTE prepare elèv yo pou eksploré plizyè opsyon karyè.

3. **Mit:** CTE pa konstwi konpetans akademik. **Reyalite:** CTE anglobe koonpetans teknik ak akademik.

*"CTE jodi a livre opsyon reyèl pou kolèj ak karyè gratifyan, ede elèv yo konstwi konpetans sou monn reyèl la ak amelyore lekòl segondè ak eksperyans kolèj".*

Fòmasyon Pwofesyonèl ak Teknik: Mit ak Reyalite (n.d., p.1)



## 5. Poukisa CTE se yon opsyon valab pou konsidere lè w ap planifye pou edikasyon siperyè apre gradyasyon nan lekòl segondè?

CTE se yon ekselan opsyon pou tout elèv konsidere, ki gen ladan elèv ki gen andikap, pou plizyè rezon. Twa rezon prensipal yo diskite isit la.

**Rezon #1: Fasilité nan aksè.** Elèv yo kapab gen aksè ak kou CTE yo avantaj ki akonpaye yo nan premye sik segondè ak nivo lekòl segondè yo. Anplis de sa, gen aksè/enskripsyon ouvri pou elèv ki gen diplòm lekòl segondè nan yon Kolèj Florid. Sant CTE yo pa egzije yon diplòm lekòl segondè pou admisyon.

\* Gade [Pajwèb Sistèm Kolèj Florid](#) sa a pou enfòmasyon sou pwogram ak disiplin ki disponib yo.

**Rezon #2: Opòtinite pou travay ak salè.** Elèv yo ki aktyèlman enskri nan CTE pandan lekòl segondè aknan nivo apre segondè kapab jwenn sètifikasyon nan endistri a ki se diplòm ki rekonèt nasyonalman ki endike elèv yo te satisfè estanda pre-detèmine yo pou kapasite ak konpetans. Sètifikasi nan endistri a ka ede elèv yo jwenn yon travay nan youn nan metye k ap grandi rapi yo nan Florid ki nòmalman bay pi bon salè pase elèv k ap soti nan lekòl segondè yo san yon sètifikasi nan endistri a. Anviwon mwatyè nan 50 metye k ap grandi rapid yo egzije yon sètifikasi apre segondè oswa diplòm de(2) ane. [Mezire Siksè Ekonomik Diplome Florid yo: Rapò Sekirite Ekonomik 2018](#) la analize done ki te kolekte nan 2011-2015 epi te montre yon diplòm de ane nan syans klasifye yon fason favorab pou yon diplòm lisans konsènan salè premye ane ak pousantaj diplome ki anboche. Gade tablo anba a pou detay espesifik.

Kalite Diplòm	Salè Mwayen Premye Ane nan Florid	Pousantaj Premye Ane, Travay Atanplen nan Florid
Sètifikasi Karyè (Kolèj Teknik Distri/Sant Teknik)	\$28,704	48%
Diplòm De Ane nan Syans	\$44,432	68%
Diplòm Lisans (Sistèm Kolèj Florid)	\$43,584	74%

\*Done sa yo pa distenge ant diplome k ap travay nan oswa andeyò domèn etid yo.

**Rezon #3: Kou-Benefis pou elèv.** Asosyasyon pou Fòmasyon Pwofesyonèl ak Teknik (ACTE) te rapòte ke Sant Karyè ak Teknik yo ak Kolèj Teknik yo se yon bon zafè pou elèv yo epi kapab koute bokou mwens pase lòt enstitisyon ansèyman siperyè yo.

## Rezime sou Sètifikasi ak Diplòm

Pwogram **Sètifikasi pou Karyè** yo se yon seri kou pwofesyonèl ki prepare elèv yo pou travay debitan.

**Sètifikasi kredi pou kolèj** yo se yon seri kou kredi pou kolèj ki prepare elèv yo pou travay debitan.

**Diplòm Teknoloji Aplike (ATD)** a gen ladan kou ki fè pati yon diplòm AS (De ane) oswa AAS (Lisans) epi mennen nan travay nan yon metye presi. Yon ATD ka gen ladan swa kredi pou karyè oswa kredi pou kolèj.

**Diplòm De Ane nan Syans Aplike (A.A.S.)** se yon diplòm teknik de ane ki fèt pou fòme elèv yo pou kòmanse nan metye espesyalize yo.

**Diplòm De Ane nan Syans (A.S.)** se yon diplòm teknik de ane ki fèt pou prepare elèv yo pou metye presi ak yon pwogram diplòm lisans ki gen rapò.

**Sètifikasi Teknik Avanse (ATC)** se pwogram ansèyman ki mwens pase 45 èdtan kredi kou nivo kolej epi ki bay ak elèv ki deja resevwa yon diplòm A.S. oswa A.A.S.

**Diplòm De Ane nan Atizay (A.A.)** fèt pou elèv ki planifye ale nan yon enstitisyon kat ane kòm yon elèv twazyèm ane ak yon pwogram diplòm lisans.

**Diplòm lisans** lan se yon diplòm kat ane ki nòmalman se 120 èdtan kredi; li ka gen yon anfaz sou syans, kou liberal oswa ka gen rapò ak sektè mendèv inik yo.

Gen plis enfòmasyon ki disponib nan [Mezire Siksè Ekonomik Diplome Florid yo - Rapò sou Sekirite Ekonomik 2018](#)



## 6. Ki diferans ki genyen ant CTE nan nivo lekòl segondè ak nivo apre segondè?

Li esansyèl pou elèv ki gen andikap yo konprann diferans ant CTE nan nivo lekòl segondè ak apre segondè. Diferans sa yo rezime nan tablo anba a.

CTE - Nivo Lekòl Segondè - Lwa sou Edikasyon Moun ki gen Andikap (IDEA) ak ADA	CTE - Nivo Apre Segondè - Lwa sou Ameriken ki gen Andikap (ADA)
Aksede ak sèvis yo atravè Edikasyon pou Elèv Eksepsyonèl (ESE). Distri Lekòl	Aksede sèvis yo atravè yon Biwo Sèvis pou Andikap
Anfaz sou siksè: Kourikoulòm nan kapab modifye atravè ansèyman pwen Aksè yo pou elèv ki gen gwo andikap.	Anfaz sou aksè egal: Estanda, objektif kou ak kourikoulòm nan pa kapab modifye; sepandan, nou ka aksede ak aranjman yo.
Nou ka bay aranjman apwopriye yo, jan sa endike nan IEP elèv la.	Nou ka bay aranjman apwopriye yo, jan sa endike nan dokiman yo. Dokiman yo ka obligatwa pou evalyasyon sikolojik/edikatif epi ka gen ladan tou dokiman ki soti nan lekòl segondè, tankou Rezime Pèfòmans nan lekòl segondè, yon IEP, etc.
Lekòl la fasilité yon evalyasyon.	Elèv la responsab pou pran yon evalyasyon epi bay nenpòt lòt dokiman sou andikap. Reyabilitasyon Pwofesyonèl la gendwa kapab ede elèv apre segondè yo pran evalyasyon yo bezwen.
Elèv yo detèmine ki kalifye pou ESE sou baz rezulta yon evalyasyon ak kategori andikap IDEA.	Evalyasyon ak lòt dokiman yo dwe montre limit fonksyonèl elèv la ak enpak limit li konsènan demann edikasyon apre segondè pou kapab demonstre nesesite pou aranjman rezonab.
Plan Edikasyon Pèsonalize (IEP) a ap gide dokiman an pou bay sèvis ESE yo.	IEP a ak Rezime Pèfòmans lan kapab se dokiman itil pou pataje men yo pa dokiman direktif pou bay sèvis pou elèv ki gen andikap yo.
Pèsonèl lekòl la, pèsonèl pwojè diskresyonè ak/oswa paran yo idantifye elèv ki ka bezwen sèvis ESE.	Elèv yo dwe defann tèt yo atravè Biwo Sèvis pou Andikap ki gen ladan divilgasyon yon andikap.
Lekòl la responsab pou fè aranjman avèk sal pwofesè yo.	Aranjman ke Biwo Sèvis pou Andikap la detèmine ka kominike bay pwofesè elèv atravè biwo pèsonèl la oswa elèv la ka responsab pou kòmanse aranjman avèk pwofesè yo nan chak kou.
Leson patikilye akademik yo ka bay atravè sèvis ESE yo.	Elèv yo responsab pou idantifye ak jwenn aksè ak resous pou lesон patikilye yo.
Paran yo gen aksè ak dosye elèv la si yo se responsab legal oswa si elèv la gen mwens pase 18 ane. Elèv yo ki te resevwa transfè dwa yo ka envite paran yo nan reyinyon IEP yo.	Paran yo pa gen aksè ak dosye elèv la san konsantman ekri elèv la amwenske paran yo gen gad legal.

## Rezulta Kle: Rapò Sekirite Ekonomik Florid 2018

Finisan ki gen sètifica teknik avanse yo te resevwa salé mwayen ki pi wo yon ane apre gradyasyon (\$44,436) atravè tout pwogram ak nivo diplòm yo.

Finisan ki gen sètifica teknik avanse yo te resevwa tou salé mwayen ki pi wo senk ane apre gradyasyon (\$59,368) atravè tout pwogram ak nivo diplòm yo.

Finisan nan aprantisaj enstitisyon Sistèm Kolèj Florid yo te gen pi wo pou santaj travay atanplen (77%), atravè tout nivo diplòm ak pwogram yo.

Finisan diplòm de ane nan atizay yo ak sètifica kredi kolèj te pi souvan kontinye edikasyon nan yon lòt enstitisyon publik, atravè tout nivo diplòm yo.

### Kesyon 1:

Lis Pwogram Sistèm Kolèj Florid

<https://www.floridacollegesystem.com/students/programs.aspx>

Bay yon rezime uit gwo disiplin epi bay yon zouti pou jwenn diplòm.

Bwochi sou Fòmasyon Pwofesyonèl ak Teknik Depatman Edikasyon

Florid <http://www.fl DOE.org/core/fileparse.php/5652/urll/CTE-brochure-online.pdf>

Bay yon rezime kout sou pwogram CTE yo nan Florid.

Depatman Edikasyon Florid; Enfografi Gwoup Karyè yo

<http://www.fl DOE.org/core/fileparse.php/5652/urll/CareerClusterInfographics.pdf>

Bay yon rezime vizyèl sou gwoup karyè CTE yo.

Kisa CTE a ye? (2018)

[https://cte.careertech.org/sites/default/files/What\\_is\\_CTE\\_2018.pdf](https://cte.careertech.org/sites/default/files/What_is_CTE_2018.pdf)

Yon rezime de paj sou CTE a ak valè li pou elèv yo ak endistri a.

Kisa ki fòmasyon pwofesyonèl ak teknik la menm?

<https://www.edweek.org/ew/issues/career-technical-education/index.html>

Souliye amelyorasyon yo nan CTE epi abòde kesyon yo souvan poze konsènan CTE.

### Kesyon 2:

Fòmasyon Pwofesyonèl ak Teknik nan Lekòl Segondè: Èske li Amelyore Rezulta Elèv la? (2016) -

<https://fordhaminstitute.org/national/research/career-and-technical-education-high-school-does-it-improve-student-outcomes>

Eksplor enpak pozitif CTE gen sou rezulta elèv la.

Grigal, M., Cooney, L., & Hart, D. (2019). Ankouraje preparasyon pou kolèj ak karyè avèk jèn premye sik segondè ki gen andikap yo: Leson yo aprann nan yon pwojè elaborasyon kourikoulòm. Developman Karyè ak Tranzisyon pou Moun Eksepsyonèl, 42(1), 64-71. Eksplor enpòtans ansèyman preparasyon kolèj ak karyè pou elèv premye sik segondè yo ki gen oswa pa gen andikap.

Edikasyon Espesyal: Ogmante Opòtinite pou Travay pou Elèv atravè Angajman nan Fòmasyon Pwofesyonèl ak Teknik (2018)

<https://www.eparent.com/education/special-education-increasing-job-opportunities-for-students-through-engagement-in-career-technical-education/>

Yon blòg edikasyon pou paran yo ki diskite valè CTE pou elèv yo ki gen andikap.

Weidenthal, C., & Kochhar-Bryant, C. (2007). Yon envestigasyon sou pratik tranzisyon pou jèn premye sik segondè yo. Developman Karyè pou Moun Eksepsyonèl, 30(3), 147-157. Eksplor bezwen patisipasyon nan IEP ak sèvis tranzisyon nan nivo premye sik segondè.

### Kesyon 3:

Depatman Edikasyon Florid (FDOE), Biwo Sèvis Edikasyon Eksepsyonèl (BEESS), Ranplasman Kou Fòmasyon Pwofesyonèl ak Teknik

<http://www.fl DOE.org/core/fileparse.php/7571/urll/CTEsubstitutions.pdf>

Bay oryantasyon sou ranplasman kou CTE kalifye yo epi bay yon ribrik pou ede distri yo pran pwòp desizyon ranplasman kou yo.

Depatman Edikasyon Florid (FDOE), Resous Pwogram Fòmasyon Pwofesyonèl ak Teknik

<http://www.fl DOE.org/academics/career-adult-edu/career-tech-edu/program-resources.st>

Bay yon rezime sou resous CTE yo.

Resous ak Referans  
sou Fòmasyon  
Pwofesyonèl ak  
Teknik selon Kesyon  
an

#### Kesyon 4:

Aranjman ak Modifikasyon pou ELèv ki gen Andikap nan Fòmasyon Pwofesyonèl ak Edikasyon Jeneral pou Granmoun

<http://www.fl DOE.org/core/fileparse.php/7690/urlt/0070069-accomm-educator.pdf>

Ede pèsonèl distri lekòl yo pran desizyon konsènan itilizasyon aranjman ak modifikasyon elèv ki gen andikap yo fè.

Depatman Edikasyon Florid (FDOE), Oryantasyon Divizyon Fòmasyon Pwofesyonèl ak pou Granmoun sou Pwen Achèvman Okipasyonèl Modifye (MOCP)

<http://www.fl DOE.org/core/fileparse.php/7574/urlt/mocps.p>

df Dekri istwa, avantaj ak itilizasyon MOCP.

#### Kesyon 5:

Sistèm Kolèj Florid

<https://www.floridacollegesystem.com/>

Bay enfòmasyon konplè sou disiplin, pwogram, admisyon ak asistans finansye nan Sistèm Kolèj Florid la.

Mezire Siksè Ekonomik Diplome Florid yo

<http://www.floridajobs.org/docs/default-source/office-of-workforce-services/state-program-reports/2019-state-program-reports/florida-economic-security-report-final-01-10-2019.pdf?sfvrsn=0>

Detaye rezulta ekonomik dènye finisan yo nan enstitisyon edikatif publik apre segondè nan Florid.

Dokiman Asistans Teknik (TAP): Kondisyon pou Evalyasyon Konpetans Debaz CTE

<http://www.fl DOE.org/contact-us/search.shtml?q=Career+and+Technical+Education+TAP>

Bay enfòmasyon sou yon bann sijè CTE.

Nan Wotè Defi a: Wòl Fòmasyon Pwofesyonèl ak Teknik ak Konpetans 21yèm Syèk nan Preparasyon Kolèj ak Karyè

<https://eric.ed.gov/?id=ED519335>

Ankouraje objektif konbine sou CTE ak Konpetans 21yèm Syèk pou prepare elèv yo pou pare pou kolèj ak karyè apre gradyasyon nan lekòl segondè.

#### Kesyon 6:

Diferans Ant Sèvis pou Andikap nan Lekòl Segondè ak Kolèj

<https://www.gtc.edu/sites/default/files/files/documents/DIFFERENCES%20BETWEEN%20HIGH%20SCHOOL%20AND%20COLLEGE%20DISABILITY%20SERVICE%20.pdf>

Konpare ak opoze diferans ant edikasyon nan lekòl segondè ak apre segondè lè w ap aksede sèvis pou andikap yo.

Fon Edikasyon ak Defans Dwa pou Andikap

<https://dredf.org/legal-advocacy/laws/a-comparison-of-ada-idea-and-section-504/>

Bay yon konparezon lejislasyon ADA, IDEA ak Seksyon 504.

Gid Fanmi pou Planifikasyon Tranzisyon nan Segondè pou Elèv ki gen Andikap yo

[http://project10.info/Documents/FamilyGuide\\_Revised\\_FINAL\\_6.13.18.pdf](http://project10.info/Documents/FamilyGuide_Revised_FINAL_6.13.18.pdf)

Gade tablo sou diferans yo nan aksede ak sèvis pou elèv ki gen andikap yo ant lekòl segondè ak kolèj (p. 38-39).

## Resous Siplementè

### Fèy Enfòmasyon Advance CTE

<https://careertech.org/fact-sheets>

Gen ladan yon lis tout fèy enfòmasyon ke Advance CTE pwodui

### Rezulta Fòmasyon Pwofesyonèl ak Teknik, Enklizyon ak Apre Segondè pou Elèv ki gen Andikap

<https://caldercenter.org/publications/career-and-technical-education-inclusion-and-postsecondary-outcomes-students>

Dekri konesyon pozitif ant enklizyon, CTE ak rezulta apre segondè.

### Devlope yon Pwogram Fòmasyon Pwofesyonèl ak Teknik Apre Segondè pou Sipòte Elèv ki gen Andikap Entelektyèl ak

Devlopmantal: Gid Repwodiksyon ki Baze sou Project Achieve nan Kolèj Eta Florid nan Jacksonville.

<https://www.fddc.org/publications>

Bay yon rezime Project Achieve ak enfòmasyon sou fason pou repwodui pwogram lan.

### Konsòsyòm Florid sou Edikasyon Siperyè Enklizif

<https://fciihe.com/>


Bay enfòmasyon sou pwogram kolèj enklizif Florid pou elèv ki gen andikap entèlektyèl.

### Poukisa Fòmasyon Pwofesyonèl ak Teknik (CTE) Enpòtan pou Siksè nan Travay pou Elèv ki Gen Andikap yo?

[https://ccrscenter.org/sites/default/files/CTE\\_SWD\\_Infographic.pdf](https://ccrscenter.org/sites/default/files/CTE_SWD_Infographic.pdf)

Rezime vizyèl sou fason CTE sipòte siksè nan travay pou elèv ki gen andikap yo.

## Why Is Career and Technical Education (CTE) Important for Employment Success for Students With Disabilities?



\* Piblikasyon sa a te pwodui pa sou-komite Konsèy Entè-ajans sou Tranzisyon nan Segondè Eta a (State Secondary Transition Interagency Council, SSTIC) sou Siksè ak Rezulta Apre Segondè nan kolaborasyon avèk FDOE, BEESS ak Pwojè 10: Rezo Edikasyon sou Tranzisyon. Objektif pwojè sa a se pou kominike avèk paran yo ak lòt pati enterese nan tranzisyon konsènan valè Fòmasyon Pwofesyonèl ak Teknik pou elèv ki gen andikap yo.